

KOWONAVIRUS-19 (COVID-19)

Prevansyon, tretman ak pwoteksyon pou lòt moun

**Yon pwogram fòmasyon ou kapab aprann
poukòw ki fet Ajan ak pwofesyonel sante
kap bay laswenyaj nan kominote a**

Mas 2020

Medicinesfor**Humanity**



Reaching The World's
Most Vulnerable Children

www.medicinesforhumanity.org

KIJAN POU UTILIZE PWOGRAM FOMASYON SA A

Pwogram sa a gen entansyon fòme founisè swen sante ak travayè sante kominotè sou transmisyon, sentòm, tretman ak kominikasyon COVID-19 (mas 2020). Poutet restriksyon yo mete sou mouvman ak entèraksyon nan anpil peyi pou anpeche COVID-19 lan gaye, pwogram fòmasyon sa a fèt tankou yon zouti oto-gide sa vle di ou ka aprann poukwa sanw pa bezwen èd lot moun. Yon fasilite ak moun kap fè staj kapab itilize li tou.

Chak pati gen ladan:

1. Yon entwodiksyon
2. Objektif Aprantisaj la
3. Leson ak kontni
4. Yon rezime

Kontni chak pati pwogram nan pou travayè sante kominotè yo

Pati 1: Enfòmasyon jeneral sou Kowonavirus-19 (KOVID-19)

Pati 2: Aksyon yo anpeche gaye nan COVID-19

Pati 3 : kisa w dwe fè si ou ta vin malad ? Rekòmandasyon pou tretman pou KOVID-19

Pati 4 : Edikasyon ak Sipò Kominotè : Yon Gid pou Travayè Sante Kominotè yo

PATI 1: ENFOMASYON JENERAL SOU KOWONAVIRUS-19 (KOVID-19)

Entwodiksyon

Enfòmasyon sou KOVID-19 ap kontinye chanje, toutan nap aprann pi plis sou maladi a nap pataje eksperyans divès atravè mond lan. Pwogram sa a baze sou direktiv ak konesans rive jiska 20 mas 2020.

Objektif yo


Aprè pati sa a, ou ta dwe kapab :

1. Konnen ki sa KOVID-19 la ye ak ki jan li afekte sante moun nan
2. Konprann mòd transmisyon KOVID-19
3. Idantifye 3 sentòm komen KOVID-19

Leson ak kontni

Ki sa KOVID-19 la ye ?

- Li se yon maladi respiratwa trè ratrapan
- Moun ki gen tout laj kapab afekte
- Majorite ka yo grav (apeprè 80%)
- Moun ki gen maladi kadyovaskilè, pwoblèm respiratwa oswa dyabèt, oswa ki gen 60 lane ak plis gen plis chans pou vin malad epi yo gen sentòm ki pi grav.
 - Nan ka ki grav, KOVID-19 ka lakòz nemoni, yon sendwòm respiratwa grav grav.
 - Maladi a ka mennen lanmò, men sa pa rive souvan.
 - Li enpòtan sitou pou moun ki nan gwoup laj sa a swiv tout direktiv prevansyon ak tout tretman
- Kowonavirus lan soti nan yon fanmi viris ke yo jwenn lakay bèt ak moun. Gen kèk ki enfekte moun epi yo lakòz maladi sòti nan grip rive nan maladi ki pi grav tankou Sendwòm Respiratwa. (Itilize non lokal pou maladi sa yo)
- Nouvo Kowonavirus la ak maladi ki akonpayel la (KOVID-19) se yon nouvo souch nan Kowonavirus yo te jwenn pou premye fwa nan Wuhan, Lachin, nan mwa desanm 2019.
- Genyen bagay nou pa konnen sou viris la, men chèchè yo ap travay di pou yo konnen ki jan yo kapab anpeche ak geri maladi a.



Kijan KOVID-19 gaye la?

- KOVID-19 la transmèt pa ti gout respiratwa ki pase de yon moun ki malad nan yon lòt ki pa malad :
 - Estènen ak touse
 - Touche fizik tankou salitasyon kote wap bay lanmen
 - Manyen sifas / objè ki kontamine ak mikwòb la, epi manyen zye ou, nen ou oswa bouch ou anvan ou lave men ou.
- Men yo manyen anpil sifas epi yo ka antre an kontak avèk viris la. Yon fwa yo kontamine, men yo ka gaye viris le nan je, nen oswa bouch ou. Viris la ka antre nan kò a, epi fè ou malad. Li pi bon pou evite kontak fizik ak moun oswa sifas ki ka gen viris la.
- Le Covid-19 peut se propager dans n'importe quelle région, quelle que soit la météo.

Ki sentòm KOVID-19 la ?



FYEV



TOUS



SOUF BA

- Sentòm yo ka pran ant 2 ak 14 jou pou yo parèt. Nan yon sans jeneral sentòm yo parèt 4 a 5 jou apre moun nan fin ekspoze.
- Une personne est contagieuse 2-3 jours après l'exposition, même si elle ne présente aucun symptôme. Les gens sont également contagieux lorsqu'ils présentent des symptômes. Yon moun ki ratrape virus la pran 2-3 jou apre li fin ekspoze, menm si yo pa gen okenn sentòm. Moun yo ka gen maladi a menm si sentòm yo pa manifeste.
- Prèske tout moun ki gen KOVID-19 gen yon lafyèv. Si sa posib, tcheke tanperati w de fwa pa jou si w santi lòt sentòm.

Sentòm komen yo

Eta sante	Sentòm komen yo
Grav	Fyèb (pi wo 100.4°F / 38°C) Toud Goj kap few mal Douleurs musculaires / fatigue
Gravman grav	Déshydratation Dezidrate Enfeksyon ki soti nan bakteri Difikilte pou respire (tankou souf ba) Nemoni Insuffisance rénale Ensifizans nan ren Respirasyon bloke Lanmo

Yon rezime

Konprann kisa KOVID-19 la ye, kouman li transmèt? Ki sentòm yo komen? Premye etap la se konnen, dezyèm lan se fe aksyon! Gen souvan konfizyon ak rimè (manti) sou maladi a. Moun pral jwenn yon anpil enfòmasyon diferan ki soti nan diferan sous. Gen kèk nan sous sa yo ki ka bay enfòmasyon ki pote konfli. Ede lòt moun konnen bon enfòmasyon an.

PATI 2 : AKSYON POU EVITE MALADI KOVID-19 LAN GAYE

Entwodiksyon

Li enpòtan pou anpeche pwopagasyon KOVID-19 paske li kontajye anpil epi danjere pou kèk moun tankou moun ki gen sistèm iminitè fèb, ak lot kondisyon ak moun ki gen plis pase 60 lane. Nou tout gen yon wòl pou jwe pou anpeche transmisyon KOVID-19 nan kominote nou yo. Menm si nou an sante, chak moun dwe fè pati pa yo a pou ede pou viris la sispann gaye a epi sove lavi lòt moun nan kominote nou an.

Objektif yo

Aprè pati sa a, ou ta dwe kapab:

1. Pratike mezi pwoteksyon pou anpeche pwopagasyon KOVID-19
2. Edike moun ki bò kote ou yo pou pran prekosyon sa yo
3. Konprann enpòtans lave men pou anpeche transmisyon viris la

Leson ak kontni

Kisa mwen ka fè pou evite malad epi anpeche transmisyon viris la ?

1. Lave men ou tanzantan avèk savon ak dlo ap koule oswa yon dezenfektan ki gen alkòl pou omwen 20 segonn. Lave menw yo :

- Apre touse oswa estène / manyen tisi ou fin itilize
- Manyen sifas komen/ oswa objè komen yo
- Anvanw manyen figi a (bouch, nen ou)
- Le wap swanye ak trete malad yo
- Anvan ak apre manman an fin bay tete oswa manyen yon ti bebe
- Anvan, pandan ak apre preparasyon manje
- Anvanw manje
- Aprew sot nan twalet
- Apre manyen bèt oswa dechè bèt
- Apre fin manyen fatra
- Apre w fin chanje kouchèt
- Anvan ak apre tretman yon blese



2. Lè w ap touse oswa estène, kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon manch rad oubyen koud bra w pliye oswa mouchwa. Jete twal la nan yon resipyan ki fèmen imedyatman apre w fin itilize epi lave men ou.

3. Kanpe a yon 1 met distan lòt moun. (Imaj)

4. Evite salitasyon fizik ak kontak ak lòt moun. Olye pou yo bay lanmen men, souke tèt ou pou salye yo.



5. Pa manyen je ou, nen ou oswa bouch ou. Nou manyen figi nou 23 fwa yon èdtan ak men nou. Men nou manyen anpil sifas epi yo ka pran viris . Yon fwa yo fin kontamine, men yo ka gaye viris la nan je, nen oswa bouch ou. Viris la ka antre nan kò a, epi fè ou malad.

6. Pa krache kot eki gen anpil moun

7. Pa al nan reyinyon oubyen chita nan asanble ki gen yon paket moun

- Pa al nan sevis, reyinyon fanmi, kote yap vann, nan magazen, nan bank yo. Si w ta dwe soti pa ret fe anpil tan deyo epi kenbe distans yon met ak moun kibo kotew yo
- Evite transpo piblik tankou bus, kamyonet si sa posib. Si nan ka ou ta dwe itilize youn nan mwayen sa yo pa kole twop sou moun yo kenbe yon distans.

8. Lave mi lakay ou, travay ou oubyen machin ou ak pwodui ki la pou sa. Sa fe sa otan kew kapab. Sa ede pou mikwob la pa rete kote sa yo.

9. RETE LAKAY OU !

Pi bon solisyon pou pwoteje tet ou se ret lakay otan sa kapab posib. Mete an aplikasyon koze distans sosyal tankou yon 1 met distans. Pa rete nan pale anpil ak moun ki pa fe pati fanmi imedya w.

Yon Rezime

Li kapab ridikil pou pratike konpòtman sa yo, sitou si ou pa malad. Men, konnen ak pratike bagay sa yo pral redwi chans pou ke ou menm oswa lòt moun pa pran viris KOVID-19. Anpil moun ka gen viris la epi yo ka pa okouran ke yo malad oswa yo pa gen sentòm. Yo ka toujou gaye viris la nan moman sa a. Tanpri fè pati ou a swiv direktiv sa yo epi ede kominote w rete an sante!

Etap enpòtan yo nan prevansyon yo se: rete lakay ou ak lòt moun otan ke posib, pratike bon lavaj men ak bon ijyèn respiratwa, eseye pa touche fizikman lòt moun epi evite manyen vizaj ou, netwaye sifas yo epi kontwole pwòp sante ou. Prevansyon ka ede sove lavi, fè pati pa w la.

PATI 3 : KISA POU FÈ NAN KA MALADI ? REKOMANDASYON TRETMAN POU KOVID-19

Entwodiksyon

Pa gen okenn gerizon oswa vaksen ki disponib pou KOVID-19 (nan mwa mas 2020) e anpil kote pa gen tès ki disponib. Si yon moun gen tout sentòm komen KOVID-19 yo, yo ta dwe trete kòm si yo te gen KOVID-19. Modil sa a pral diskite sou opsyon tretman ak sentòm pou KOVID-19. Moun malad dwe rete izole epi chèche swen lakay yo jiskaske sentòm yo vin grav epi yo bezwen swen medikal.

Objektif yo

Aprè modil sa a, ou ta dwe:

1. Konnen kijan pou trete sentòm KOVID-19
2. Konprann ki lè pou w wè yon doktè nan yon sant sante
3. Konnen kisa w dwe fè lè ou panse ou gen KOVID-19

Leson ak kontni

Kisa mwen ta dwe fè si mwen santi mwen malad?

- Avan tout bagay, pa panike. Pifò moun ki gen KOVID-19 gen sentòm leje apre sa yo refè. Gen kèk moun ki ka pa gen okenn sentòm.
- Si ou kòmanse fè eksperyans sentòm KOVID-19, ou ta dwe imedyatman metew an karantèn. Sa vle di ke ou ta dwe izole tèt ou ak lòt moun (menm manm fanmi si sa posib.) Si ou pa gen espas pou rete lwen lòt moun, eseye kenbe yon distans 1 mètr ak epi pratike bon lavaj men epi kouvri bouch ou ak nen ou lè w ap estène ak touse.

PA SOTI ! RETE LAKAY OU !

Si w soti wap ekspozè tèt ou epi wap bay lot moun viris la !

Pa gen kounye a okenn vaksen oswa gerizon pou trete KOVID-19

Rechèch ap fèt pou detèmine si sèten medikaman efikas pou kanpe viris la, men pa gen anyen ki pwouve oswa apwouve.

Antibiyotik pa pral touye viris sa a. Antibiyotik trete enfeksyon bakteri yo. KOVID-19 se yon viris, konsa antibiyotik pa pral ede w. Sepandan, yon moun ki gen sentòm grav KOVID-19 ka resevwa enfeksyon bakteri ak yon travayè sante ka trete enfeksyon sa a ak yon antibiyotik, men antibiyotik la pa pral ede goumen kont KOVID-19 la.

Moun ki gen KOVID-19 ta dwe trete sentòm leje KOVID-19 lakay ou ak medikaman. Pa ale nan yon sant sante si w pa gen sentòm grav. Ou pral ekspoze lòt moun e travayè sante yo pap kapab ede ou.

Se sèlman moun ki gen sentòm grav yo ta dwe konsilte yon sant sante pou swen medikal. Gade pi ba a enfòmasyon sa yo:

Eta sante	Sentòm komen yo
Ti sentòm tankou: Lafyè,] Nen k ap koule, tous (Trete tèt lakay ou)	Medikaman pou doulè / lafyè Medikaman kont grip Repoze e Bwe anpil likid Metew ankarantèn lakay ou pou 14 jou Mete yon mask, si sa posib, pou anpeche lòt moun vin malad
Sentòm grav tankou Difikilte pou respire Souf kout (Al kay yon doktè imedyatman nan yon sant sante.)	Antibyotik pou konbat enfeksyon bakteri yo Terapi likid Terapi Oksijèn Vantilatè (ki ede lew pa kapab respire)

Gen yon tès pou KOVID-19, men tès sa yo pa disponib nan pifò kote, ki vle di ke moun yo ta dwe rete lakay yo si yo gen sentòm yo.

Si ou panse ou gen KOVID-19, ou dwe izole tèt ou lakay ou pandan 14 jou.

Lòt moun ki ta dwe mete tet yo an karantèn oswa izole tèt yo de lòt moun pou 14 jou yo se moun ki gen:

- Moun ki sot nan vwayaj nan kek peyi, espesyalman sa yo ki trè enfekte
- Si ou te nan kontak sere avèk yon moun ki konfime KOVID-19
- Si oumenm oswa yon manm fanmi w ap viv ak yon fanmiw ki pozitif pou tès KOVID-19
- Si w santi sentòm tankou kè plen; espesyalman avèk lafyè, tous, oswa difikilte pou respire

Yon Rezime

Sonje byen, pifò moun ki te pran KOVID-19 gen sèlman sentòm grav. Sentòm sa yo ta dwe trete lakay ou. Pran mezi pou evite ekspoze lòt moun ak maladi a. Gade pwòp sante w, trete tèt ou, al kay yon doktè si sa nesèsè, epi pratike bon ijyèn pou anpeche maladi a gaye.

PATI 4: EDIKASYON AK SIPO KOMINOTÈ PANDAN KOVID-19 LA

Entwodiksyon

Kòm yon manm enpòtan nan kominote a, travayè sante kominotè yo (CHW) yo souvan se yon sous fyab nan edikasyon, asistans ak konfò, espesyalman nan moman difisil yo. KOVID-19 ki se yon nouvo maladi ki gaye toupatou, travayè sante kominotè yo gen yon wòl enpòtan pou yo jwe nan edike ak enfòmasyon kominote a epi ede yo traveze peryòd sa a. Avèk bon edikasyon, sèvis ak founiti, pèrez ki nan kominote a akòz KOVID-19 la ka redwi. Travayè sante kominotè yo tou se yon modèl e lòt moun ap kopye konpòtman yo. Bay bon egzanp e an nou tout fè pati nou pou ede kominote a rete solid!

Objektif yo

Aprè modil sa a, ou ta dwe kapab:

1. Edike manm kominote a avèk enfòmasyon egzakt epi enpòtan
2. Evite panik kay manm ki nan kominote a ak mesaj ankourajman
3. Abòde stigma, mit ak move konsepsyon
4. Reponn avèk konfyans kesyon jeneral manm kominote wap sèvi ya

Leson ak kontni

Konsèy kle pou travayè sante kominotè yo, Volontè ak rezo kominotè

Pandan yon pandemi, souvan gen konfizyon ak rimè sou maladi a. Moun ap jwenn anpil enfòmasyon ki soti nan diferan medya yo, zanmi, fanmi, rezo sosyal, òganizasyon oswa lòt sous. Gen kèk nan sous sa yo ki ka bay enfòmasyon ki kontre

Lè moun gen twòp enfòmasyon sou yon pwoblèm, li ka difisil pou idantifye yon solisyon.

- Moun ka vin pè ak mefyan nan rekòmandasyon sante kap fet. Li ka fe moun yo fe rezistans epi refize sitiyo an
- Sa ka lakòz moun yo pa chèche èd medikal epi yo inyore konsèy sante ki enpòtan oswa mezi yo osinon yo pa vle rete an karantenn e koube yo anba sa otorite yo mete an plas ak sèvis sante yo pou anpeche maladi a gaye.
- Malantandi sou maladi a ka mennen moun yo refize èd nan men travayè sante. Yo ka menm fè menas oswa menm fe vyolans.
- Moun ki pè yo ka kòmanse abize moun ki gen oswa parèt malad. Sa ka rive menm lè yo deja geri akòz yon mank de konesans sou efikasite tretman an.

Moun kap travay sou teren, volontè ak manm kominote yo pi byen plase pou konstwi konfyans nan kominote e kay lidè kominote yo. Se poutèt sa, li enpòtan pou koute moun ak reponn kesyon yo, laperèz ak move enfòmasyon ak enfòmasyon verifye ki itil yo.

Moun kap mobilize moun yo, travayè kominotè yo ak volontè yo gen yon wòl enpòtan pou yo jwe nan bay enfòmasyon sou lasante pou moun yo konnen ki jan pou yo pwoteje tèt yo.

ETAP 1: KIJAN POU ANGAJEW - Konsèy senp pou angaje nan kominote a

- **Eksplike kiyès ou ye, nan ki òganizasyon ou soti ak sa ou fè nan kominote a.** Sa ka enkli:
 - Nou ap travay pou pataje enfòmasyon egzat sou nouvo maladi a kowonavirus (KOVID-19) ak sentòm yo. Nou ap travay tou pou pataje sa moun ka fè pou pwoteje tèt yo ak kominote yo soti a.
 - Pou fè sa, ekip yo rive jwenn manm kominote a nan yon kantite fason, tankou radyo, SMS, postè, tablo afichaj, nan-moun vizit, ak reyinyon kominotè.
 - **Prezante tèt ou epi montre ke ou konprann pwoblem yo:** nou konprann ke nou tout enkyete sou nouvo maladi sa a. Nou la pou ede ou konprann li epi asire ou konnen kisa ou kapab fè pou pwoteje tèt ou ak lòt moun.
- **Konprann kisa moun yo ap di:** premye koute sa moun yo gen pou di sou KOVID-19, anvan ou pataje sa ou konnen.

KAT BAGAY OU DWE KONNEN SOU MIT AK RIME YO

1. Mit ak rimè rive souvan lè moun pa gen enfòmasyon ase ak egzat sou yon maladi. Yo ka rive lè gen anpil kwayans kiltirèl ki antoure maladi a oswa mezi prevansyon.
2. Mit oswa rimè ka rive tou lè mesaj yo sanble diferan soti nan diferan sous.
3. Mit ak rimè kap kouri yo ka ogmante pèrez nan mitan kominote yo, ki ka malerezman anpeche moun, kay ak kominote soti nan pratike bon prevansyon ak bonjan kontwòl.
4. Sa vle di ke li enpòtan pou bay enfòmasyon egzat pou ogmante konesans ak konpreyansyon sou transmisyon nouvo maladi kowonavirus (KOVID-19). Li ka chanje mit la oswa move lide an.

- **Ankouraje sansibilizasyon ak aksyon:** enfòmasyon nou pataje ak kominote yo ta dwe itilize mo ak langaj ki klè (pa itilize akwonim oswa "tèm lang etranje") epi gen konsèy pratik ke moun ka mete an pratik . Pa egzanp:
 - yon enstriksyon pou swiv (pa egzanp, si ou malad anpil, al kay yon doktè nan lopital la
 - yon konpòtman pou adopte (pa egzanp lave men ou souvan pou pwoteje tèt ou ak lòt moun kont maladi, elatriye)
 - enfòmasyon yo ka pataje ak zanmi yo ak fanmi (tankou kote ak ki lè yo kapab jwenn aksè ak sèvis yo)
 - des informations qui traitent des mythes et des idées fausses qui sont notés dans la communauté
- **Pa sèlman di moun ki sa yo dwe fè,** mennen yo nan yon konvèsasyon - koute an premye, pou konprann enkyetid prensipal yo ak kesyon yo. Mande moun yo sa yo konnen, sa yo vle ak bezwen konnen sou KOVID-19 la, enplike yo nan konsepsyon an ak nan aktivite

sante kap fet yo, paske nan fason sa a yo gen plis chans pou yo fèw konfyans epi pataje enfòmasyon ke ou vle pataje a, sa kapab jwe yon wòl aktif nan mezi prevansyon yo.

- Eksplike kèk mesaj klè epi ki senp bay kominote a (ki gen ladan fanmi / swayan, lidè lokal) nan lang yo prefere epi evite tèk teknik (sa vle di transmisyon, difizyon plis fasil pou konprann)
- Asire w ke tout moun konprann enfòmasyon ou yo. Poze kesyon pou konprann nivo konpreyansyon yo.
- **Kite lidè yo pale:** Li pi fasil pou yo koute yon moun yo konnen deja, ke yo gen konfyans e ki montrel konsene pa pwoblem yo.

RAPLEW

- Rete honèt siw pa konnen yon bagay epi di ki kominote ou pwal chache plis enfòmasyon sou sa epi wap tounen sou sa
- Pa di maladi a soti nan yon ras oubyen yon zon tankou pa egzanp : viris chinwa
- Pa pale de moun ki viktim men pito pale yo sou moun ki geri de KOVID-19
- Pa rete pawol kap kouri yo !
- Pale nan yon sans ki pozitif sou mezi prevansyon ak tretman ki pran yo. Pi fò moun yo, yo kapab geri de maladi a san pwoblem

ÉTAPE 2 : POZE BON KESYON YO

Chache konnen sa ki preokipasyon moun yo ak kesyon yo kapab genyen. Fè ansot ou reponn kesyon yo. Men kèk kesyon pou tanmen dyalog ak moun epi kominote yo.

- Kisaw tande moun di sou nouvo maladi sa a ki rele kowonaviris (KOVID-19) ?
- Kisaw ta renmen kom enfòmasyon sou nouvo maladi sa a ki rele kowonaviris?
- Eskew konnen sentonm yo?
- Eske w konnen kisa pou fe si yon manm nan fanmiw oubyen nan kominotew ta gen yon maladi ki akonpaye ak sentonm grip?
- Eske pe moun ki gen maladi sa a ?
- Eskew konnen kijan pou anpeche ou menm ak pwoch ou pou pran nan maladi sa a ki rele kowonaviris ?
- Eske moun kap viv nan kominote a lave men yo souvan ? Si se wi di poukisa ? e si se non di poukisa ?
- Eske moun nan kominote wap viv la kenbe koze distans yon met la de yon lot moun ? Eske yo bouche bouch yo ak yon mouchwa oubyen koud yo le yap estène ? si se wi di poukisa ? si se non di poukisa
- Moun ki nan kay la eske yo louvri fenèt ak pòt yo pou kite ti van rantre epi netwaye sifas yo pou touye mikwòb ?
- Eske panse gen yon gwoup oubyen yon moun ki responsab pwopagasyon viris la ? Si moun yo ta site chinwa osaw azyatik, poze yon lot kesyon anplis. Poukisa ou panse se moun sa yo kap simaye viris la ?

ETAP 3: KISAW DWE DI

Itilize enfòmasyon modil say o pou bay bonjan enfòmasyon sou KOVID-19 la

ETAP 4: KESYON KE YO SOUVAN POZE SOU KOVID-19 MIT AK MOVEZ KONPREYANSYON

Nan kijan KOVID-19 la ratrapan ? Eske li fasil pou pran maladi sa a ?

KOVID-19 la se yon maladi respiratwa ki ratrapan anpil. Fok gen kontak ak yon moun ki malad oswa obje/sifas moun ki malad la tap itilize pran viris la. Anpil ki fe maladi a se moun kap bay swen epi yon manm fanmi kap okipèl de yon moun ki gen viris la ki pat pwoteje tèt li.

Eske gen medikaman ou kapab itilize pou fe prevansyon oubyen trete kowonavirus ?

Maladi a kapab trete e gen anpil ki geri de li deja. Se vre pa gen yon medikaman espesifik pou KOVID-19 la, men moun ki trape viris la ta dwe jwenn bonjan swen pou yo ka soulaje epi trete sentonm yo. Moun ki gen viris la ta dwe al lopital pou yo resevwa laswenyaj.

Eske gen vaksen kont kowonavirus ?

Poko gen vaksen pou viris sa a. Sa pran anpil pou yo jwenn yon vaksen efikas epi ki bon. Moun ki espesyalize ap travay sou sa.

Eske w pa dwe manje manje chinwa fe ?

KOVID-19 la pa pwopaje nan manje manje chinwa. Sa ki enpotan se manje manje ki byen kwit epi ki fèt nan bonjan kondisyon ki respekte prensip ijyen yo.

Koman mkapab pwoteje pitit mwen ?

Li enpòtan pou aprann timoun ou yo lave men yo tanzantan ak savon epi dlo osaw dezenfektan pou men ki fèt avek alkol. Ou dwe aprann yo koman pou yo touse/le ya estène se pou yo pliye koud oubyen itilize yon mouchwa epi jete imedyatman nan poubel le yo fin itilize apre sa pou yo prese al lave men yo. Kite fenèt yo louvri nan kay la e nan transpo piblik tout moun abitye monte pou van kapab pwopaje epi pote byen lwen mikwòb yo.

Eskem bezwen pote yon mask poum pwoteje tèt mwen kont KOVID-19 ?

Non, pi bon bagay ou kapab fe pou pwoteje tet ou kont maladi kowonavirus la (KOVID-19) se lave menw byen epi fe sa tanzantan, evite ale kot eki plen moun e mete an pratik tout mezi prevansyon yo.

Eskem dwe ret lakay mwen ?

Fanmiw ap plis an sekirite sil rete izole e pratike say o rele distans sosyal. Ou dwe tou siveye eta santew- mande èd siw ta gen sentonm kowonavirus oubyen yo ta vin pi grav.

Ki materyel nou bezwen ? Manje ? Dlo ? Medikaman ? Mask ?

Izolman se pi bon fason pou pwotejw, li rekomande pou rete lakay ou. Ou pa bezwen panike nan al achte oubyen kouri bwote bagay nan makèt. Achte manje kantite manjew bezwen ak dlo pou kèk semen. Gen kèk medikaman ou kapab itilize pout rete sentonm ki pa grav tankou lafyèy ak tous. Mask yo nesèsè nan ka ou malad oswa wap pran swen yon moun ki malad.

Ak kisa nou dwe atann nou ?

KOVID-19 la ap pwopaje toupatou nan lemonn e moun ki save komanse ap aprann plis sou maladi a. Sa w dwe fè se respekte tout konsèy gouvènman lakay ou bay e rete lakay ou e pratike distans sosyal jiskaske gen kominike ki fèt nan yon lòt sans. Sa ap pèmèt ou rete an sekirite, fanmiw ou menm ak lot moun. KOVID-19 pap disparèt rapid e li byen posib gen plis ka toujou. Pa panike, rete enfome e voye je sou santew.

Eske gen kek medikaman ki mache sou viris la ? Se ki medikaman ?

Pa gen okenn vaksen ni medikaman pou fè prevansyon oswa pou geri KOVID-19 la. Antibyotik ak medikaman ki bon pou mikwòb kapab itilize selman pou trete enfeksyon ak bakteri men yo pa fèt pou trete viris. Saw kapab fè se pran medikaman ki bon pou doule/lafyèy ak medikaman ki bon pou grip/rim ki kapab soulaje sentonm kip a grav yo.

Kile nou ta dwe al kay doktè ?

Si sentonm yo komanse vin pi grav kouri prese prese al we doktè.

Eske viris la ka pwopaje nan lèt manman ?

KOVID-19 la ti bebe pa ka pran nan lèt manman. Ti bebe a ka malad si manman an malad e li transmèt viris la bay ti bebe. Yon manman malad ta dwe pompe lèt, mande yon lot moun pou bay ti bebe a manje e moun sa a ta dwe lave menl avan ak apre li fin manyen oswa fin bay ti bebe a manje. Manman an tou ta dwe lave menl avan ak apre li fin touch ti bebe a.

Eske pete sache alkòl oubyen chlore sou tout kòw kapab ede pou touye viris KOVID-19 la ?

Non. Vide alkòl osawa chlore sou tout know pap touye viris yo ki gentan rantre nan kow deja. Okontrè siw fe sa kapab bay pwoblèm sou rad la, pou jew ak pou bouch. Konnen byen alkòl ak chlore kapab itil pou dezenfekte sifas men yo dwe itilize nan bon kondisyon.

Eske KOVID-19 kapab pwopaje nan zòn ki cho oubyen ki frèt ?

Wi, viris KOVID-19 la kapab pwopaje nan tout zòn ket li frèt ket li cho.

Kote kif e frèt anpil ak nèj kapab touye viris KOVID-19 la?

Non, pa gen okenn rezon pou al kwè kot eki frèt kapab touye viris la oswa lòt maladi. Tanperati nòmal ko a varye de 36.5 degre a 37 degre kelkeswa lòt tanperati oswa jan meteo a ye.

Eske sim benyen ak dlo cho sa ka anpeche viris KOVID-19 la rantre sou mwèn?

Non. Benyen ak dlo cho pap anpechew pran viris la. Tanperati kow nòmalman li ant 36.5 a 37 degre. Li pap ni desann ni monte menm siw ta benyen ak dl oki pi cho a. Okontre sa kapab nwiw

oubyen boulew.

Eske moustik kapab simaye viris KOVID-19 la ?

Non, moustik pa bay viris KOVID-19 la. Kowonavirus la se yon viris ki anpechew respire ki simaye le moun touse ou estène, lew farinen oubyen voye boulèt ki sòti nan saliv ou oswa nan nenw.

Yon rezime

Vini yon model kominotè ak yon edikatè se yon travail enpotan. Asirew kew konnen ase sou viris KOVID-19 la pou kapab bay bonjan enfòmasyon ak zanmiw, fanmiw ak moun ki nan kominotew. Nou pa konnen tout bagay sou viris la. Pa pè di kew pa gen repons ak kèk kesyon yo pozew. Bay enfòmasyon egzat ki rasiran ki kapab ede kominote a rete kalm pandan peryòd sa yo.

Referans

- WHO Health Topics Webpage for COVID-19 <https://www.who.int/health-topics/coronavirus>
- WHO Emergencies/ Diseases/ COVID-19 Webpage <https://www.who.int/emergencies/diseases/novel-coronavirus-2019>
- WHO mask use in communities and healthcare settings [https://www.who.int/publications-detail/advice-on-the-use-of-masks-the-community-during-home-care-and-in-health-care-settings-in-the-context-of-the-novel-coronavirus-\(2019-ncov\)-outbreak](https://www.who.int/publications-detail/advice-on-the-use-of-masks-the-community-during-home-care-and-in-health-care-settings-in-the-context-of-the-novel-coronavirus-(2019-ncov)-outbreak)
- WHO clinical management when COVID-19 is suspected [https://www.who.int/publications-detail/clinical-management-of-severe-acute-respiratory-infection-when-novel-coronavirus-\(ncov\)-infection-is-suspected](https://www.who.int/publications-detail/clinical-management-of-severe-acute-respiratory-infection-when-novel-coronavirus-(ncov)-infection-is-suspected)
- CDC: CERC - Engaging the community with credibility https://emergency.cdc.gov/cerc/resources/pdf/CERC_Engaging_the_Community_with_Credibility.pdf
- CDC: COVID-19 Frequently Asked Questions Webpage <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/faq.html>
- CDC: Webinar - Presentation on preparedness and optimizing N95 supply during COVID-19 response <https://www.cdc.gov/vaccines/videos/coronavirus/COVID-19-webinar.pdf>
- CDC Coronavirus Info <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/faq.html>, <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/COVID19-symptoms.pdf>, <https://www.cdc.gov/vaccines/videos/coronavirus/COVID-19-webinar.pdf>

Resous pou agent sante yo

- WHO Health Topics Webpage for COVID-19 <https://www.who.int/health-topics/coronavirus>
- WHO Emergencies/ Diseases/ COVID-19 Webpage <https://www.who.int/emergencies/diseases/novel-coronavirus-2019>
- WHO rolling updates of COVID-19 events <https://www.who.int/emergencies/diseases/novel-coronavirus-2019/events-as-they-happen>
- WHO free online courses <https://openwho.org/courses>
- World map of COVID-19 cases <https://www.healthmap.org/covid-19/>
- Interactive world map of COVID-19 cases <https://experience.arcgis.com/experience/685d0ace521648f8a5beeeee1b9125cd>
- CDC: Emergency Preparedness and Response – Templates and Tools <https://emergency.cdc.gov/cerc/resources/templates-tools.asp>
- CDC: Emergency Operations Center <https://www.cdc.gov/cpr/eoc.htm>